УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-1-47-75-85

## АДЫГЭБЗЭМ И ГЪЭЗЭЩIЭНЫМ БГЪЭДЭЛЪ ГРАММАТИКЭ НЭЩЭНЭХЭР

**Жылэтеж Хьэжысмел Чылэний и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» «Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и къудамэм адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, hazismel@mail.ru

Мы лэжьыгъэр теухуащ адыгэбзэм и гъэзэщIэным бгъэдэлъ грамматикэ нэщэнэхэр зэIубз щIыным. Адыгэбзэм и гъэзэщIэныр щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэкIэ яджын зэрыщIадзэрэ зэман зыбжанэ дэкIами, абы теухуауэ иджыри зэхэгъэкIыпхъэ, убзыхупхъэ Iуэхугъуэ куэд зэрыщыIэм шэч хэлъкъым. Псалъэм папщIэ, гъэзэщIэныр бзэм къызэрыхагъэкI щIыкIэр, псалъэ лъэпкъыгъуэу къэкIуам елъытауэ зэрагуэшыр, и зэхэтыкIэм тещIыхьауэ иIэ лIэужьыгъуэхэр. Абыхэм нэмыщIкIэ щыщIагъэ ину къыдолъытэ гъэзэщIэным теухуауэ адыгэбзэкIэ щыIэ лэжьыгъэхэр зэрымащIэ дыдэр. Мы къедбжэкIа Iуэхугъуэхэр зэхэгъэкIыным теухуащ мы лэжьыгъэр.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, гъэзэщIэн, псалъэуха, псалъэ лъэпкъыгъуэ, синтаксис къалэн, лъабжьэгъусэ.

Адыгэбзэм и гъэзэщIэныр, уасэхуэщI-зэман, субъект-объект зэхущы-тыкIэхэр къигъэлъагъуэкIэрэ, псалъэухам и лъабжьэгъэтIылъ пкъыгъуэ икIи и зэхэлъыкIэр къызэзыгъэпэщкупщIэмэхъу. Абы пкъыгъуэ етIуанэхэм ямызакъуэу гъэзэщIакIуэри и унафэм щIегъэувэ: гъэзэщIэным гъэзэщIакIуэр, хэгъэхъуэныр, предмет мыхьэнэ зиIэ хьэлхэр зэрегъакIуэ, абы къыдэкIуэу гъэзэщIакIуэм, хэгъэхъуэн занщIэмрэ мыблагъэмрэ щхьэкIи бжыгъэкIи йокIу. Мыбдежи гъэзэщIэным пыувэ субъект, объект къэзыгъэлъагъуэ щхьэ аффиксхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр елъытащ лэжьыгъэцIэр лъэIэсу е лъэмыIэсу щытыным. ГъэзэщIэныр а Iыхьэхэм я закъуэкъым зыдэгъэпсар, атIэ хьэл зэмылIэужьыгъуэхэми ядэгъэпса мэхъу абы (гъэзэщIэным) пыувэ **-щIэ, щ-, дэ-, те-,** н. хьэл псалъэкIапэхэмрэ превербхэмрэ къигъэсэбэпурэ.

ГъэзэщIэным хэлъ нэгъуэщI щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ синтетизм иныр [Кабардино-черкесский язык 2006: 409]. Абы и фIыгъэкIэ мы псалъэухам и пкъыгъуэр гъэзэщIэн къудейуэкъым къызэрыкIуэр, атIэ езым и закъуэуи псалъэуха мэхъуф. Ар къызыхэкIыр гъэзэщIакIуэм, хэгъэхъуэным, хьэлым я лъабжьэгъусэ морфемэхэр гъэзэщIэным зэрыхэтыращ.

Морфологие и лъэныкъуэкIэ зыхуэдэм елъытауэ, гъэзэщIэныр адыгэ бзэщIэныгъэлIхэм тIууэ яугуэш хабзэщ – лэжьыгъэцIэрэ цIэуэ [Урыс 1994: 27; Джаурджий, Дзасэжь 1992: 26]. Ауэ апхуэдэ гуэшыкIэмI Iэмал имыIэу ущIызэдэуэн IуэхуигъуитI къыхокI:

1. ЛэжьыгъэцIэхэм хуэдэу уасэхуэщI-зэман категорэ зимыIэ цIэхэм гъэзэщIэн къалэныр езыхэр цIэуэ къэнэжу, лэжьыгъэцIэ лIэужьыгъуэ мыхъуу ягъэзэщIэфыну?

2. ГъэзэщIэнхэр лэжьыгъэцIэрэ цIэуэ бгуэшмэ, гъэзэщIэну къакIуэ IуэхуцIэхэр, IуэхудэкIуэхэр, абыхэм я зэхыхьэхэр, инфинитивхэр, цIэхэмрэ лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэхэмрэ зэгъусэу къыщыкIуэкIэ, ахэр дэтхэнэ гупыр ара зыхэбгъэхьэнур?

Япэ упщIэм ехьэлIауэ адыгэ бзэщIэныгъэм еплъыкIэ зэтемыхуэхэр щыIэщ: языныкъуэ адыгэ бзэщIэныгъэлIхэм къалъытэ сыт хуэдэ цIэри лэжьыгъэцIэ хъуфыну: **сы-цIыхущ**, мыр **щIалэщ**, ар **дахэщ**; адрейхэм зэрагугъэмкIэ, цIэ

гъэзэщIэным и зыхъуэжыныгъэр зэрекIуэкIыр цIэ зыхъуэжыныгъэкIэщ икIи сыт щыгъуи цIэуэ къонэж. Мы упщIэм ехьэлIауэ Iуэхур зытетым нэхъ пэгъунэгъуу ещанэ еплъыкIи щыIэщ: цIэ зыхъуэжыныгъэкIэ зэхъуэкIа хъу цIэхэр цIэуэ къонэж, ауэ лъабжьэгъусэ хъей зыхэт цIэ гъэзэщIэныр лэжьыгъэцIэ мэхъу: *Ди адэр* ***мэ-пхъащIэ-р****; Сэ залымыгъэкIэ* ***с-о-Iэзэ-р****; Уэ IэмалыншагъэжкIэ* ***у-о-дохутыр****; Мудар пIалъэкIэ* ***мэ-бригадир****.* ЦIэ-гъэзэщIэну мы щапхъэхэм хэт ***мэ-пхъащIэ-р****,* *с-****о****-Iэзэ-****р****, у-****о****-дохутыр,* ***мэ****-бригадир* псалъэхэм, предмет, щытыкIэ мыхъуу, *еупс* (*пхъэр*)*, солажьэр, уеджащ (тхылъым)* лэжьыгъэцIэ хьейхэм хуэдэу Iуэхугъуэщ къагъэлъагъуэр. Мыпхуэдэ гъэзэщIэнхэр щыIэцIэу убж хъунукъым, я мыхьэнэкIэ абыхэм къегъэлъагъуэ Iуэхугъуэр ипэм щегъэжьауэ къэлъытэн хуейщ. Абыхэм зэреплъын хуейр Iуэхугъуэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэущ (*дохутырын, пхъэщIэн,* н.къ.). Iуэхугъуэ къагъэлъагъуэу апхуэдэхэм хоувэ хъей лъабжьэпэхэу **мэ-/ма, о-**, псалъэужь **-р**.

МыдэкIэ къэгъэлъэгъуапхъэщ цIэ зыхъуэжыныгъэкIэ зэхъуэкIа хъу цIэхэр щытыкIэ къэзыгъэлъагъуэ цIэуэ къызэрынэжыр: *Ди гъунэгъур* ***пхъащIэщ****; Уэ* ***удохутырщ****; Мурат* ***бригадирщ****.*

ЦIэ зыхъуэжыныгъэкIэ зэхъуэкIа хъу цIэхэм къащхьэщыкIыу, цIэхэм къатекIа лэжьыгъэцIэхэм гъэзэщIэным и синтаксис увыпIэр хуэгъэуш псалъэухахэм щаубыдыф: Уэ **дохутыр**; **Фыбригадир**; **УмыпхъащIэ**.

ЦIэхэм къатекIа лэжьыгъэцIэхэм, лэжьыгъэцIэ хьейхэми хуэдэу, зэрыупщIэ псалъэухахэм псалъэужь хъей **–р(э)** щапоувэ, абыкIэ псом япэу ахэр къащхьэщокI къызэрыгуэкI цIэ-гъэзэщIэну апхуэдэ синтаксис зэхэлъыкIэм хэтхэм: **Убригадиррэ? Убригадир? УпхъащIэркъэ? УпхъащIэкъэ?**

ЕтIуанэ упщIэр – гъэзэщIэнхэр цIэрэ лэжьыгъэцIэу гуэшыныр – икъукIэ елъыта зэхэгъэщхьэхукIыныгъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм я зэхуаку гъунапкъэ пыухыкIа дэлъкъым. ГъэзэщIэну къакIуэ лэжьыгъэцIэхэм лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнкIэ уеджэ хъумэ, цIэхэр – еIуэлIапхъэ гуэрхэр иIэу цIэ гъэзэщIэнхэм хэббжэмэ, гурыIуэгъуэкъым гъэзэщIэн къалэн яIэу къакIуэ IуэхуцIэр, IуэхудэкIуэр, инфинитивыр (абыхэм я зэхыхьэхэр), субстантив е адъектив зэхыхьэхэр, къэхъукIэцIэмрэ макъыцIэмрэ, фразеологизмэ (псалъафэ) е нэгъуэщI псалъэ зэпхахэр здыхэбгъэхьэнур.

ГъэзэщIэн къалэн яIэу къакIуэ лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэ зиIэхэр (IуэхуцIэр, IуэхудэкIуэр, инфинитивыр) адыгэбзэм и гъэзэщIэн лIэужьыгъуэ гуэрым щыхэдгъэхьэкIэ, а гупым хэгъэхьэн хуейщ зэхыхьэхэм я купщIэ Iыхьэу къакIуэ лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэхэм къагъэхъу синтаксис зэхыхьэхэри.

ГъэзэщIэну къакIуэ субстантив е адъектив зэхыхьэхэр, цIэ е лэжьыгъэцIэ псалъэ зэпхахэр гуэшын хуей хъумэ, ари зэрыщIын хуейр а щIыкIэмкIэщ – Iыхьэ нэхъыщхьэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэм елъытауэщ.

ГъэзэщIэну къакIуэ фразеологизмэ занэхэм я Iуэхур нэхъ гугъущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ предикат синтаксис увыпIэр яIыгъыфынущ лэжьыгъэцIэ, лэжьыгъэцIэцIэ е цIэ фразеологизмэхэм (псалъафэхэм). Абы нэхъей, бзэм куэдрэ уащрохьэлIэ я гъэпсыкIэкIэ лэжьыгъэцIэ, я мыхьэнэкIэ цIэ фразеологизмэ занэхэм: *и напэм къэнжал тебзащ; щай и уасэкъым; и Iэпэм дыщэ къыпощ; псалъитI я щхьэ зэтричыркъым*. ГъэзэщIэну къэкIуа фразеологизмэ занэхэр гуэшын хуей хъумэ, лэжьыгъэцIэ е цIэ фразеологизмэхэр зыхуэфащэ гъэзэщIэн гупым хэгъэхьамэ, я гъэпсыкIэкIэ лэжьыгъэцIэ-цIэуэ щытхэр, ауэ я мыхьэнэкIэ цIэуэ къэхьахэр, я гъэпсыкIэ нэщэнэ къудеймкIэ лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнхэу къэлъытамэ нэхъ тэмэмщ.

ГъэзэщIэну къэхьа къэхъукIэцIэхэр, макъыцIэхэмрэ зэрызыпащIыж псалъэхэмрэ цIэхэм хэгъэхьапхьэщ, сыту жыпIэмэ, предикату щыткIэрэ, ахэр ягъэзащIэ къалэнкIэ цIэхэм нэхъ япэгъунэгъущ.

Абы къыдэкIуэуи иджыри зэ къыхэгъэщыпхъэщ гъэзэщIэныр лIэужьыгъуитIу – цIэрэ лэжьыгъэцIэу – гуэшыныр икъукIэ елъытауэ зэрыщытыр, абы къыхэкIыу нэхъ щхьэпэщ гъэзэщIэнхэр зыхыхьэ цIэ е лэжьыгъэцIэ гупым елъытауэ мыгуэшыныр, атIэ абыхэм я зэхэлъыкIэм тещIыхьыныр.

ГъэзэщIэным и нэщэнэмрэ хэхауэ иIэ гъэпсыкIэхэмрэ елъытауэ къызэрыкIуэ, зэхэт, зэхэлъ гъэзэщIэнхэр къыхэбгъэкI хъунущ.

## ГъэзэщIэн къызэрыкIуэр

Адыгэбзэ псалъэухам гъэзэщIэн къызэрыкIуэр зи щхьэ хущытыж псалъэхэу къыщокIуэ, щхьэтечауэ жыпIэмэ: лэжьыгъэцIэу, IуэхуцIэу, IуэхудэкIуэу, цIэуэ, къэхъукIэцIэу, макъыцIэу е фразеологизмэ занэу.

ГъэзэщIэн и синтаксис увыпIэр яубыд мыхъей лэжьыгъэцIэхэмрэ лъэIэс гъэпсыкIэ зиIэ хъей лэжьыгъэцIэхэмрэ зэраIуатэ, зэрыупщIэ, фIэфIыныгъэ, хуэгъэ-уш, унафэ, гъэщIэгъуэныгъэ, шэч къытехьэныгъэ тешэхэм итхэу. Абы щыгъуэми лэжьыгъэцIэхэр итыфынущ бзэм иIэ зэман псоми – ит, блэкIа, къэкIуэну гъэкIэщIа, щыз зэманхэм, аорист гъэпсыкIэм.

ГъэзэщIэну къакIуэр зыхуэдэм елъытауэ (хъей/мыхъей, зэрыт тешэм, зэ-маным), предикату щыт лэжьыгъэцIэм гъэзэщIэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ **-щ, -т, -къым, мы-, мэ-/ма-, о-, -мэ, -ми**, н. поувэ: *Беймырзэ и хьэщIэщым* ***дынэблэгъа-щ*** [КъалэмбиЙ. 1978: 17]; *Дыгъэр пэзазэу щхьэгум* ***къытехьа-т*** [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 397]; *Апхуэдэ гуапагъэ езы щауэм къигъэщIам* ***илъэгъуа-къым***; (*Тыр-ку:*) *А илъэс блыщIым щыщу илъэс щэ ныкъуэр, тобэ ирехъу, сыбанэу-сызауэу* ***есхьэкIагъэн-щ*** [Шортэн 1988: 99]; *Хьэсэн, мы уэздыгъэр* ***плъагъурэ?***; *Ноби* ***щхьэ сепхужьа****?* [Къэрмокъуэ 2007: 27]; ***Мэ-гупсысэ-р*** *уэрэдусыр* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 321]; *Нанэ,* ***фIыти сыкъыумылъхуамэ****, бэлыхьхэми* ***ухэзмыдзамэ****. Зедзэну уи щIалэ цIыкIур* ***къэмыхъуу лIэжамэ*** [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 42].

ЩыIэныгъэ псалъэухам IуэхудэкIуэр гъэзэщIэну щыхэувэкIэ, абы гъэзэщIэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэгъусэ **-щ, -т** поувэ. ЩымыIэныгъэ псалъэухахэм а зы IуэхудэкIуэ-гъэзэщIэным, псалъэухам и стиль къалэным елъытауэ, щымыIэныгъэ предикат лъабжьэпэ **мы**-м нэмыщI а мыхьэнэ дыдэр игъэзащIэу лъабжьэгъусэ **-къым** хэувэфынущ: *ЗэIущIэм кърагъэблэгъар школыр* ***къэзыуххэр-т*** [Къэрмокъуэ 2004: 45]; (*Алим:*) *Сэ (тхылъ) сурэт* ***зэрытхэр-щ*** *сфIэфIыр* [МафIэдз 2014: 236]; *Гузэвэгъуэм сыхэзыдзар* ***къэкIуэжар-къым***.

IуэхудэкIуэр гъэзэщIэну зыхэувэ псалъэухахэм яIэ нэщэнэ щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ апхуэдэ псалъэухахэм гъэзэщIакIуэм и синтаксис къалэныр IуэхуцIэм (IуэхуцIэ зэхыхьэм) зэрыщигъэзащIэр: *Ар къызэрыфэр* ***дэлъейуэщ****; Уэ мэкъу узэ-реуэр* ***угъэшауэщ****; АдэкIэ дызэрыкIуэнур* ***дыпщурэщ***.

ГъэзэщIэну псалъэухам куэдрэ къыщокIуэ инфинитивыр, ар щыIэцIэ хъуа-хэми щыIэцIэ мыхъуахэми ящыщынкIэ хъунущ. Япэм хуэдэмэ, инфинитив-гъэзэщIэным гъэзэщIэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэгъусэ **–щ, -т, -къым**-хэм ямызакъуэу псалъэзешэ лъабжьэгъусэхэри поувэр. Арами, апхуэдэ инфинитив-гъэзэщIэнхэр я мыхьэнэр къэплъытэмэ, лэжьыгъэцIэми цIэми хэбгъэхьэ хъунущ: *Ар зыпэмылъэщыр* ***тхэны-р-т****; Уэ узэрыцIэрыIуэр* ***бэнэнымкIэ-щ***.

ЕтIуанэм деж инфинитив-гъэзэщIэныр къэкIуэну зэманым ит лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэу къэхьащ, субъектым и лъабжьэгъусэ поувэр (щхьэ куэд зиIэ лэжьыгъэцIэ-инфинитивым – объектым и лъабжьэгъусэхэри): *Сэ нэхъ насыпыфIэ хэт* ***щыIэнт*** *иджыпсту!*; *Хэт* ***и-щIэнт*** *КIытIэ дунейм щекIуэкI Iуэхухэми апхуэ-дэу хэгупсысыхьу* [Къэрмокъуэ 2007: 160]; *Сытым* ***п-и-щIынт*** *абы иджыпсту и гупсысэм щIыгъуныр*; *Хэт* ***у-хуэзгъэдэн*** *си дахэр?*

ГъэзэщIэн къызэрыкIуэу къокIуэф цIэтекI лэжьыгъэцIэхэр: *Махуэм* ***соIэхъуэр****. Жэщым* ***соплъыр****; Ар нэмыцэ* ***кхъухьлъатэт*** [Къэрмокъуэ 1984: 205]; *Уэ* ***у-обригадир****, аракъэ? Зауэм и пэкIэ (Мурид) илъэситIкIэ* ***трактористащ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 21].

ГъэзэщIэн къызэрыкIуэм и синтаксис къалэныр адыгэбзэм щагъэзащIэ субъек-тым и щытыкIэгъэлъагъуэ нэщэнэ, зэрыщытыр, зейр къэзыгъэлъагъуэ цIэхэм. Предикату къэкIуа цIэхэм мыхъей лэжьыгъэцIэхэм хуэдэу захъуэж. Ауэ, абыхэм

къащхьэщыкIыу, цIэ-гъэзэщIэнхэр объектым и щхьэмкIэ зэхъуэкIа хъуркъым. ЗэраIуатэ псалъэуха къызэрыкIуэм цIэ-гъэзэщIэнхэм я щыIэныгъэр гъэзэщIэныгъэ лъабжьэужь **-щ, -т**-хэм къыщагъэлъагъуэ, щымыIэныгъэр – лъабжьэужь **-къым**-м.

ТхьэрыIуэ псалъэухахэм щыIэныгъэр кърагъэлъэгъуэн папщIэ лъабжьэужь **-щ, -т**-хэм нэмыщI **-мэ, -кIэ** лъабжьэужьхэр къыщагъэсэбэп. Апхуэдэ псалъэухахэм щымыIэныгъэр лъабжьэгъусэ **-къым, мы**-хэмкIэ гъэнэIуа щохъу: *Ар* ***Хьэсэнщ****, тхьэ; Ар* ***Хьэсэнкъым****, алыхь; Уэлэхьи, ядыгъуар* ***мы-щэщI****; Уи фIэщ зэрыхъун, а пщащэр* ***дахэ-кIэ****.*

Предикату къэкIуа цIэхэм гъэнэхуа-мыгъэнэхуа категорэмрэ псалъэзешэмрэ яIэу къонэж. Абы къыдэкIуэу гу лъытэн хуейщ цIэ-гъэзэщIэнхэм псалъэзешищым (цIэиIуэ, зыунэтI, зэрыхъу) я лъабжьэгъусэхэм языхэз пытынкIэ зэрыхъунум. Апхуэдэ цIэхэм зыхъуэж псалъэзешэм и лъабжьэгъусэ пыту литературэбзэм къыщыкIуэ хабзэкъым.

ГъэзэщIэн къызэрыкIуэу бзэм къыщокIуэ мыпхуэдэ цIэхэр:

1. ЩыIэцIэ зэдайхэмрэ унейхэмрэ: *Гъуабжэ псори* ***мыщэкъым. Лыд псори дыщэкъым*** [Джэрыджэ 2018: 17]; *Япэрауэ, сэ сыерыпIынэ цIыкIукъым, товарищ бригадир,* ***сы-Багъ Софятщ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: I45]; *Ар* ***лIыгъэ****?* [МафIэдз 1992: 213].

Гуп щхьэхуэ мэхъу зэхьэкIа мыхьэнэ яIэу предикату къакIуэ щыIэцIэхэр. Абы щыгъуэми апхуэдэ цIэхэр псалъэ щхьэхуэкъым зыпэувыр, атIэ жыIэгъуэ псохэм япохъу. Я мыхьэнэкIэ ахэр зэхуэдэкъым. Иныкъуэхэр фразеологизмэ теплъэ лъэпкъ ямыIэу къахь, адрейхэр фразеологизмэхэм хуокIуэ: *Сыщытыфынукъым, алыхь,* ***сыоперацэщ*** (и мыхьэнэкIэ: *Операцэ сащIащ*); *Нобэ* ***узанятие****?* (и мыхьэнэкIэ: *Нобэ занятие уиIэ? (ибгъэIэрэ?); Уэ* ***угуащэкъым, утхьэмадэкъым*** (и мыхьэнэкIэ: 1. *Тхьэмади гуащи убгъэдэскъым*; 2. *Уэ ухъыджэбз дэсщ*); *Сэ* ***сыбынщ, сыунэщ*** (и мыхьэнэкIэ: *Унагъуэ сиIэщ*); ***Уадыгэбзи*** *уэ!* (и мыхьэнэкIэ: *Уэ уадыги*); *Уэлэхьи,* ***сыадыгэбзэм*** (и мыхьэнэкIэ: *Сыадыгэщ*); *Сэ* ***сыныбжьэгъукъым, сыжэрэгъукъым*** (и мыхьэнэкIэ: *Сэ си закъуэщ*).

Фразеологизм нэщэнэ яIэщ мыпхуэдэ цIэ-гъэзэщIэнхэм: *Умастэкъым, уIуданэкъым* (и мыхьэнэкIэ: *Укъулейсызщ*); (*Замирэт Женя жриIэу:*) ***Узиблагъэкъым, узиныбжьэгъукъым, узипэшэгъукъым*** [Къэрмокъуэ 2004: 153] (и мыхьэнэкIэ: *Узизырищ*); *Ар* ***гъуапэкъым, пщампIэкъым*** (и мыхьэнэкIэ: *Ар мыхьэнэншэщ).*

2. ЩытыкIэгъэлъагъуэ, ехьэлIа плъыфэцIэхэр: *Дыщ мэжаджэ* ***IэфIщ*** [Адыгэ псалъэжьхэр 1967: 22]; *ЦIыхуфэр* ***Iувщ*** [Адыгэ псалъэжьхэр 1967: 96]; (*Женя:*) *Апхуэдэу жумыIэ, Замирэт, уэ иджыри* ***ущIалэщ, удахэщ...*** [Къэрмокъуэ 2004: 154]; *Анэм и гур* ***щабэщ****, нэхъ* ***хуабэщ****, ар нэхъ гуащIэмащIэщ* [ШэджыхьэщIэ 1987: 53]; *Iэнэм къытралъхьа шхыныр* ***дыгъуасэрейщ****; Хьэжым къыдита мэкъур* ***нэгъабэрейт****.*

3. БжыгъэцIэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэр: *Зэпеуэм щытекIуар* ***етIуанэрщ*** (*бригадэ*)*; ЦIыкIухэр иратар* ***тIурытIщ****; Пхъуантэм и щIэр* ***тIуащIэщ.***

4. ЦIэпапщIэ гуп псори: *Ауэ, умыдэжь гуэрыращи, революцэм псом япэ хуит къищIар* ***хэт****?* [Елгъэр 1988: 79]; ***Уэращ****, си дахэ, сэ си псэ, ПсэукIэ псори зыгъэфIыр* [ЩоджэнцIыкIу 2000: 113]; ***Сыт*** *хьэдыгъуэдахэ а жыпIэр?!* [Елгъэр 1988: 81]; *Хьэжы, унафэр* ***ууейщ****, уэ пщIымкIэ сыарэзыщ* [ЩоджэнцIыкIу 2000: 396]; *Иджы щхьэж и бжэмыщх къылъысыжын папщIэ унафэр* ***мыращ*** [Дыгъужь 1983: 14]; ***Сэракъым*** *икIи* ***уэракъым*** *зи ягъэр –* ***езыращ*** [Елгъэр 1976: 146].

5. КъэхъукIэцIэр: (*Безрыкъуэ:*) *Си унагъуэбжэр* ***нобэщ*** *щыхуэсщIыжар* [Нало 1993: 338]; (*Мэзан КIулэ жриIэу:*) *Уа,* ***ныщхьэбэкъым*** *дэ япэ дыдэу дыщызэхуэзари зэпылъын щыщIэддзари* [Елгъэр 1983: 14]; (*Куэшэрым:*)*;* ***Дыгъуасэт*** *уэ щхьэкIэ тхылъ къыщысIэрыхьар, Сэлмэн* [ШэджыхьэщIэ 1987: 329]; *Дыгъуэсжэщ, хьэуэ* ***нышэдибэт*** *ар...* [Елгъэр 1983: 69]; *Хьэуэ, зиунагъуэрэ, абы и хадэр* ***ижьырабгъумкIэщ*** [Елгъэр 1983: 111].

6. МакъыцIэхэмрэ зэрызыпащIыж псалъэхэмрэ: *Ар цIыху* ***къынтIэ-къынтIэщ****; Абы и хьэлыр* ***а-ды-дыдщ****; Анэм и гущхьэр мафIэм кърисыкIырт.* ***Уэху-уэхьт****.*

ГъэзэщIэну псалъэухам къыщокIуэ лэжьыгъэцIэ-цIэ, лэжьыгъэцIэ, цIэ фразеологизмэхэр.

ГъэзэщIэну къэкIуа лэжьыгъэцIэ, лэжьыгъэцIэ-цIэ фразеологизмэ занэхэм псалъэ нэхъыщхьэу хэтыр субъект-объект лъабжьэгъусэхэмрэ зэман категорэ къэзыгъэлъагъуэмрэ зиIэ лэжьыгъэцIэхэмрэщ.

ЛэжьыгъэцIэ фразеологизмэхэм я лъэIэс-лъэмыIэс категорэр лэжьыгъэцIэ къызэрыкIуэхэм я категорэм къызэрыщхьэщыкI щыIэкъым. Ауэ лэжьыгъэцIэ фразеологизмэхэм гъэпсыкIэ къагъэхъухэр мащIэщ.

ЦIэ фразеологизмэм и пкъыу щытщ щыIэцIэр. Предикату къэкIуа цIэ фразеологизмэхэм, псалъэ-цIэхэм зэпэбжу щытхэм, цIэ-гъэзэщIэнхэм япыувэ лъабжьэгъусэ дыдэхэр ягъуэт: *Лекторым зэрыIэзэм нэхърэ нэхъ Iэзэжу зыкъигъэлъэгъуэну и ужь зэритым Мыхьэмэт* ***гу лъитат*** [Къэрмокъуэ 2007: 166]; *Билал и щхьэгьусэр IуэхукIи псалъэкIи чэнджэщэгъу ищIтэкъым. Сыту жыпIэмэ,* ***я акъыл зэтехуэтэкъым*** [Дыгъужь 1983: 78]; *Шафигъ Iэджэми* ***я щхьэфэ иIэбащ*** [Къэрмокъуэ 2004: 134]; *И шыр зыщIэт бомкIэ (шэшэным) зидзри – мэхь-мэхь – шыр* ***бгъуэтмэ къащтэ*** [Шортэн 1975: 257].

Адыгэбзэм фразеологизмэу къэкIуа гъэзэщIэныр гъэгугъуахэм хабжэ.

Гъэгугъуахэм хохьэ тIууэ зэдзылIауэ къэхьа лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэнхэри. Ахэр гупитIу бгуэш мэхъу: 1) псалъэпкъхэр зэмыщхьу зэдзылIа лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнхэр; 2) псалъэпкъхэр зэщхьу зэдзылIа лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнхэр.

Япэ гупым хыхьэ гъэзэщIэнхэм яIэ щхьэхуэныгъэщ я мыхьэнэр наIуэу къызэрыгъэлъэгъуар, ахэр зыкIэщIэпч мыхъуу зэрыщытыр. Абы щыгъуэми лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ зэмыщхьитIыр Iуэхугъуэм и зэкIэлъыкIуэныгъэр къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэгъусэ **-ри**-кIэ зэпхауэ щытщ. ЛэжьыгъэцIэ псалъэпкъитIми субъектым и лъабжьэгъусэ япоувэ, нэхъыбэрэ блэкIа зэман гъэпсыкIэу къокIуэр. Апхуэдэ лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэнхэм псалъэухам и мыхьэнэм быдагъэ, ерыщагъэ халъхьэ: ***Ябзри ядыжащ*** *ар унафэщI нэхъыщхьэхэм*; (*Хьэжпагуэ Софят жриIэу:*) *Гъэ псом Iыхьэ-Iыхьэу зэдгъэпэщыжа тракторыр* ***пкъутэри уежьэжащ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 145]; *Сэ си насыпыр зыхьа псыпэр* ***блэжри ежьэжащ*** [Елгъэр 1983: 24]; *Гъунэгъур уафэм* ***докIуейри къохыж*** *псори и нэкIэ илъэгъуауэ*; *Адакъэжьыр* ***тепкIэри ипIытIыжащ*** [Адыгэ псалъэжьхэр 1967: 107].

Зи псалъэпкъыр зэщхьу зэдзылIа лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнхэм, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа гъэзэщIэнхэм хуэдэу, псалъэухам быдагъэ, пэжыныгъэ халъхьэ. Ауэ иужьрейхэм къащхьэщыкIыу, зы лъабжьэ зиIэу зэдзылIа лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэнхэр я мыхьэнэкIэ зэкIэщIэпч мыхъуу щыткъым. Ахэр зэманищми я гъэпсыкIэхэр яIэу зэраIуатэ, зэрыупщIэ, хуэгъэуш тешэхэм иту къокIуэ. Абы щыгъуэми предикат лъабжьэгъусэхэр зыпыувэр гъэзэщIэнхэм ящыщ зыращ. Апхуэдэ гъэзэщIэнхэм хэт лэжьыгъэцIэр лъэIэсуи лъэмыIэсуи щытыфынущ. ЛэжьыгъэцIэхэм къытезыгъэзэж псалъэпкъхэр зыр зым кIэлъыкIуэу щытыфынущ. Ауэ абыхэм я кум субъектыр е объектыр къыщыдэуви къохъу: *ПщэфIапIэм лIыжьитI зэкIэлъхьэужьу къыщIокIри щауэр ирагъэблагъэ. –* ***ФыкъакIуэ, фыкъакIуэ*** [Нало 1993: 28]; ***ЗыIуегъэх****, Дисэ,* ***зыIуегъэхи*** *нэхъыфIщ* [КIыщокъуэ 2005: 81]; ***–Уэстынукъым*** *жысIащи,* ***уэстынукъым****, – Азэмэт и макъым зригъэIэтащ* [Къэрмокъуэ 1984: 55]; (*Аружан:*) *Хъунщ,* ***сIуэтэнкIэ*** *сэ ар сахыхьэу* ***сIуэтэнкъым*** *дауи, доскам истхэнщ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 55].

Бзэм ущрихьэлIэ щыIэщ фразеоглогизмэ занэхэм хэт лэжьыгъэцIэ Iыхьэм къытригъэзэжу: (*Хьэжпагуэ Софят жриIэу:*) *– ТхуэмылъэщIыжсын хуэдизу ди* ***напэр тепхащ****.*

*–* ***Тесха-тезмыхами****, згъэзэкIуэжыфынщ сэ ар* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 145].

Адрейхэм емыщхь гъэпсыкIэ къагъэхъу мыпхуэдэу зэдзылIа лэжьыгъэцIэгъэзэщIэнхэм: япэр риторикэ упщIэ хэлъу зэрыупщIэ псалъэухам хэту, етIуанэ

лэжьыгъэцIэм мыхъуныгъэ лъабжьэгъусэ **-къым** пытрэ а упщIэм и жэуапу щыту: *АтIэ лIыр абы* ***къыпхущинэнт? Щинакъым!*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 223]; *Ар сэ* ***схуэшэчынт? Схуэшэчакъым!*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 226].

ЛэжьыгъэцIэхэм нэмыщI а лъабжьэгъусэ дыдэхэр япыту гъэзэщIэн гъэгугъуауэ къэкIуэфынущ цIэ зэдзылIахэр: *Тригъэчыныхьу игукIи (Софят) жеIэ: «****Пэжщ, пэжщ****, сатекIуар* ***пэжщ****»* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 54]; *–* ***Узахуэщ****, тIэсэ,* ***узахуэщ****! – жиIащ хьэщIэм*; ***МащIэщ, мащIэ****, князь лъапIэ, хуабжьу* ***мащIэщ*** [Нало 1993: 240].

Бзэм куэдрэ ущрохьэлIэ зэдзылIа псалъэ-псалъэухахэм (*НытIэ, АтIэ, Хьэуэ*)*:* ***НытIэ, нытIэ****. Псори къызэхуэсащ*; ***Хьэуэ, хьэуэ!*** *Ар Лу и унэкъуэщ Жэрыщтыкъым, ар балъкъэр Жэрыщтыщ* [Нало 1993: 360]; ***АтIэ, атIэ.*** *ХьэщIэхэр къэсащ.*

Псалъэуха къалэн ягъэзащIэу къэкIуэфынущ къытезыгъэзэж *зэ* псалъэзэпыщIэмрэ *аIэ* макъыщIэмрэ: ***Зэ, зэ.*** *УмыпIащIэ* [МафIэдз 1992: 260]; ***АIэ, аIэ****. А жыпIэр сыт?* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 96].

Зыгъэгугъу Iыхьэу гъэзэщIэным и гъусэу къагъэсэбэп *иIэ, еуэ, хьайдэ (хьейдэ), пIэрэ, ахьай (ахьей)* псалъэкIапэхэр: *ФитIысхьэ мо выгум,* ***иIэ дыгуващ****, – гъумэтIымэрт Джырандыкъуэ* [МафIэдз 1992: 313]; *Пщэдджыжь къэс апхуэдэу* ***зитхьэщIу пIэрэ*** *абы?*; *– Сыздынэвдзысыжын, ныбжьэгъу? –* ***Ахьей уздэтшэжын***; *БанапцIэм дыкъыщыкIуэцIрыжым, хьэр къытщыхьэ пэтащ, пщIэжрэ? –* ***Ахьейми сщIэжрэ!*** *– жиIащ бажэм* [Адыгэ IуэрыIуатэ 1999: 148]; *– Iимамым узэрыбгъэдыхьэн хуей хабзэхэри пщIэрэ? –* ***Ахьай сщIэрэ****.* [Шортэн 1975: 174]. *ПIэрэ* псалъэкIапэр зэрыупщIэ псалъэухахэм къыщокIуэ. Мыпхуэдэхэм деж *пIэрэ*-м къегъэув зи гъусэ Iыгъэ нэхъыщхьэм лъабжьэгъусэ -*у//-уэ* пытын хуейуэ.

## ГъэзэщIэн зэхэтыр

Адыгэбзэм и гъэзэщIэн зэхэтыр IыхьитIу щытщ: нэхъыщхьэрэ (пкъахуэ мыхьэнэ къэзыгъэлъагъуэ) гуэдзэрэ (грамматикэ мыхьэнэ къэзыгъэлъагъуэ). Мыбдеж объект-уасэхуэщI мыхьэнэр зыхэлъын хуей Iыхьэ гуэдзэм куэдрэ гъэзэщIэн нэхъыщхьэм и мыхьэнэм щIегъу, и плъыфэ гуэрхэр пыухыкIа ещI. Абы къыдэкIуэуи гъэзэщIэным зэрыщыту игъуэт грамматикэ гъэпсыкIэр (гъэзэщIэным и Iыхьэ нэхъыщхьэм пыт щхьэ лъабжьэгъусэхэмкIэ гъэзэщIакIуэмрэ хэгъэхъуэнымрэ щхьэкIэ, бжыгъэкIэ екIуныр) нэхъыбэу зи къалэныр Iыхьэ нэхъыщхьэр аращ. ГъэзэщIэн зэхэтым и Iыхьэ нэхъыщхьэу къокIуэ IуэхудэкIуэр, IуэхуцIэр, инфинитивыр. Абыхэм я гъусэу гуэдзэ Iыхьэу къокIуэ лэжьыгъэцIэхэр. А лэжьыгъэцIэхэм къагъэлъагъуэ: 1) субъектым Iуэхугъуэм хуиIэ субъект-уасэхуэщI хущытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр; 2) Iуэхугъуэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр.

Субъектым Iуэхугъуэм хуиIэ субъект-уасэхуэщI хущытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэ гуэдзэу къагъэсэбэп **хуеин, мурад щIын, лъэкIын, хъун, хущIэкъун, хэтын,** н.къ.: (*Хьэжым:*) *Си щIыхуэ птелъщ,* ***укIытэн хуейщ****, мэкъур мэгъуж* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 389]; *Къуажэ гупэм щыт мэзым къыхэтIысхьэу щIалэм* ***къещэну мурад ищIащ****; И нэщхъыр уфами и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыу* ***еплъ хъунщ*** *а бжыгъэм Хьэжпагуэ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 71]; *Пащтыхьыжьыдзэр къэкIуами, Дэ* ***къыттекIуэни лъэкIакъым*** [ПащIэ 2003: 185]; *Ауэ Мусэ и гуми, и псэми къыщызэщIэна мафIэр* ***игъэункIыфIыным хущIэкъуащ*** *и теплъэкIэ* [Къашыргъэ 1957: 237]; *Дыуэ-дыуэпскIэ* ***зэфIагъэкIыну хэтщ*** *нэхъыбэр* [ШэкIыхьэщIэ 1987: 121].

Гуэдзэ Iыхьэу къакIуэ лъэхъэнэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэхэр мыпхуэдэу бгуэш мэхъу: а) Iуэхугъуэм и щIэдзапIэ къэзыгъэлъагъуэ; б) Iуэхугъуэр зэрекIуэкI къэзыгъэлъагъуэ; в) Iуэхугъуэм и кIэух къэзыгъэлъагъуэ.

ЩIэдзапIэр къагъэлъагъуэ **щIэдзэн, хуежьэн, егъэжьэн** лъэхъэнэ лэжьыгъэцIэхэм: *Хьэжым сарыкъыр зыщхьэрихри, лажьэ зимыIэ, пщIэнтIэпс лъэпкъ къызэмыкIуа щхьэфэ пцIанэр IэрылъэщI хужь цIыкIукIэ илъэщIурэ,* ***шхыдэн***

***щIидзащ*** [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 395]; *Мурид абы зыхуигъэзэн фIэфIтэкъыми гъуэгум* ***дидзыхыну хуежьащ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 153]; *Бекович-Черкасскэм и увыпIэр иубыдыжыхукIэ пэплъэри полковникым* ***псэлъэн иригъэжьащ*** [Нало 1993: 64].

Iуэхугъуэр зэрекIуэкIыр къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэхэщ **зэпыт, щытын, щыIэн, хабзэн,** н.къ.: *Адыгэр сыт щыгъуи зэрыадыгэу къонэж: IэкIуэлъакIуагъэр* ***къапщытэ зэпытщ****...* [Нало 1993: 288]; (*ГуащэгъафIэ:*) – *Билъостэн, ар уэ* ***умыщIэу щыткъым****...* [МафIэдз 1992: 333]; *УIэгъэ хъу сэлэтхэр санитар-сэлэтхэм* ***къыIуах хабзэщ*** [Нало 1993: 158]; *Абы яшэчыр* ***зыхьыфын щыIэкъым*** [МафIэдз 1992: 403].

Iуэхугъуэм и кIэухыр **иухын, хъужын, нэсын**, н.къ. лъэхъэнэ лэжьыгъэцIэхэмкIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу: *Абы* (*Мурид*) *и джанэ пIащIэ тIэкIур* ***хъыбий хъупэным нэсащ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 201]; *ЦIыхухэм я* ***къызэхуэсыныр*** *иджыри* ***иухакъым*** [Къашыргъэ 1957: 283]; *Хэхэсу мы къуажэм къызэрыIэпхъуэрэ Iэджэ щIат, жылэм* ***ящыщ хъужат*** [МафIэдз 1992: 35].

ГъэзэщIэн зэхэтым и синтаксис къалэныр ягъэзащIэу куэдрэ къокIуэ псалъэ зэгъэкIуа зыбжанэ. Абыхэм я Iыхьэ нэхъыщхьэу щытщ цIэхэмрэ (щыIэцIэр, плъыфэцIэр, бжыгъэцIэр, цIэпапщIэр) къэхъукIэцIэхэмрэ, гуэдзэ мыхьэнэ яIэу къыщагъэсэбэп **щIын, къыщIэкIын, хъун, и гугъэн, хуэдэн**, н.къ. лэжьыгъэцIэ дэIэпыкъуэгъухэр: *Хум шым и цыр* ***дахэ ещI****; ХьэщIэр* ***жьакIуэу къыщIэкIынти****, гурыIуэгъуэу псалъэрт* [КIыщокъуэ 1984: 664]; – *Зы цIыху лажьэркъым... –* ***щыхьэт хъуащ*** *Дзу* [Къашыргъэ 1957: 25]; *Шэджагъуэм пшэри нэхъ зэкIэщIихужри махуэри* ***уэфI къэхъужащ*** [Нало 1993: 215]. *(ТIулэ:) – Тобэ, ТIуш, уэ лIы бзаджэжьыр* ***угубзыгъэу си гугъати!*** [МафIэдз 2014: 225].

Гуэдзэ къалэныр **деж, нэс, папщIэ, щхьэкIэ, къудей,** н.къ. псалъэужьхэм ягъэзэщIэфынущ: *А насыпыр* ***Къантемыр и дежт*** *абы къыщигъуэтынур*; *Софят папщIи Бахъсэныпсыр* ***псыежэх къудейтэкъым*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 79]; ***Уэр папщIэщ*** *апхуэдэу щIэсщIар*; *Къэралым и хабзэр щызекIуэр* ***мыбы нэсщ****.*

Бзэм щIэх-щIэхыурэ ущрохьэлIэ гъэзэщIэн зэхэтым и гуэдзэ Iыхьэу фразеологизмэхэр къыщыкIуэу: (*Хьэжым:*) – *Ухуеймэ сыти щIэ, нобэ* ***удэмыкIыну Iэмал иIэкъым*** [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 389]; *Аружан иджыри къепсыхыну (тракторым)* ***гугъэ ищIыхэркъым*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 90-91].

Гуэдзэ къалэныр игъэзащIэу куэдрэ къокIуэ **ар** цIэпапщIэр. Абы дежи **ар**-м къегъэув Iыгъэ нэхъыщхьэр зэрыхъу псалъэзешэ гъэпсыкIэм итын хуейуэ: *А псыхъуэм къыдэкI уэрам щхьэIум* ***тес-у аращ*** *Мухьэдинхэ* [Елгъэр 1976: 71]; *Мыхэр* ***студентхэ-у аращ****.*

ГъэзэщIэным и дэIэпыкъуэгъу Iыхьэу къэкIуэфынущ шэч мыхьэнэ зыхэлъ **узиIэ** лэжьыгъэцIэр. Абыи, цIэпапщIэ **ар**-м хуэдэу, Iыхьэ нэхъыщхьэр зэрыхъу псалъэзешэ гъэпсыкIэм итын хуейуэ къегъэув: *Ар* ***узиIэ урысыххэ-у****; ХакIуэр къыщIыхуэбгъэфэщари* ***армыра-уэ узиIэ****!* [КIыщокъуэ 1985: 274]; *ЕгъэджакIуэу къагъэкIуэжар* ***мы-Алий-уэ узиIэ****.*

Гуэдзэ къалэныр игъэзащIэфынущ **мыгъуэ** пкъыгъуэм. Мыр езыр морфологие и лъэныкъуэкIэ плъыфэцIэщ, псалъэухам «гущIэгъу» мыхьэнэ хелъхьэ: (*Даут:*) *Бэлыхь Iэджи* ***фэзгъэшэча мыгъуэщ****, тIасэ* [Елгъэр 1976: 90]; *(Анэм:) Алыхь, си Iи си лъи* ***щIэздзын мыгъуэтэм*** [Къэрмокъуэ 2007: 86].

## 2. ГъэзэщIэн зэхэлъыр

ГъэзэщIэн зэхэлъхэм къызэрыщхьэщыкI щхьэхуэныгъэу яIэщ абыхэм псалъэ ирикъуу тIу е нэхъыбэ лексикэ-грамматикэ мыхьэнэ яIэу зэрыхэтыр. Гъэгугъуа, зэхэт гъэзэщIэнхэм къащхьэщыкIыу, гъэзэщIэн зэхэлъхэм хыхьэ Iыхьэ псоми мыхьэнэ пыухыкIа яIэжщ. Адыгэбзэм и гъэзэщIэн зэхэлъхэм я синтаксис увыпIэр нэхъыбэу зыубыдыр цIэ, лэжьыгъэцIэ псалъэ зэпхахэращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ

псалъэ зэпхаращ синтаксис занэу щытыр, псалъэ ирикъуу тIу е нэхъыбэ хъуурэ, мыхьэнэкIи грамматикэкIи зэпхауэ. Псалъэ зэпхам предикатым и синтаксис увыпIэр зэриубыдыфыр адыгэбзэм зыщызыубгъуа Iуэхугъуэщ. Абы щыгъуэми предикат лъабжьэгъусэ зыпыувэ псалъэ зэпхам зы Iуэхугъуэ зэхэлъ къигъэлъэгъуэфынущ. Абы къыдэкIуэуи гу лъытапхъэщ гъэзэщIэну къакIуэр цIэ е гъэзэщIэн псалъэ гупхэм зэрамызакъуэм. А къалэныр куэдрэ ягъэзащIэ синтаксис зэхыхьэхэм (IуэхуцIэ, IуэхудэкIуэ, инфинитив, зэзыгъапщэ).

## 3. Синтаксис зэхыхьэхэр гъэзэщIэн зэхэлъу къызэрыкIуэр

ГъэзэщIэным и синтаксис увыпIэр адрей зэхыхьэхэм нэхърэ нэхъыбэрэ еубыд къепха псалъэхэр зыщIыгъу IуэхуцIэм. Абы дежи IуэхуцIэ зэхыхьэм хэт IуэхуцIэр щхьэкIэ, бжыгъэкIэ йокIу субъектым – Iуэхугъуэр зылэжьым е IуэхуцIэм и щытыкIэр зыхэлъым: ***сэ с****-ызэджэращ* (*тхылъыр*)*,* ***фэ ф****-тхарщ* (*диктантыр*)*,* ***Мухьэмэд и-ларщ*** (*куэбжэр*). Абы щыгъуэми IуэхуцIэ зэхыхьэгъэзэщIэныр гъэзэщIакIуэм йокIу, цIэ-гъэзэщIэныр зэрекIу щIыкIэм хуэдэу. Апхуэдэхэм деж гъэзэщIэну къакIуэ хабзэщ цIэ унейхэмрэ задайхэмрэ, цIэ хъуахэмрэ IуэхуцIэхэмрэ (IуэхуцIэ зэхыхьэхэр). Япэ, етIуанэ щхьэ цIэпапщIэхэр апхуэдэ гъэпсыкIэхэм гъэзэщIакIуэу къыщыкIуэркъым. IуэхуцIэ зэхыхьэ-гъэзэщIэным гъэзэщIакIуэр зэрегъакIуэ, цIэиIуэ псалъэзешэм ирегъэувэ. Абы къыдэкIуэуи IуэхуцIэ зэхыхьэр гъэзэщIакIуэм ещанэ щхьэм закъуэ е куэд бжыгъэу щокIу. ГъэзэщIакIуэу IуэхуцIэ зэхыхьэр къакIуэмэ, абырэ гъэзэщIэнымрэ бжыгъэкIэ щызэмыкIу щыIэщ: ***Нобэ ди деж къэкIуа-хэ-р Налшык къикIа-хэ-рщ – Нобэ ди деж къэкIуа-#-р Налшык къикIа-хэ-рщ; Мурид-# цIыхугъэ хуабэкIэ ныбжьэгъур зыIыгъыфт*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 114]; ***Схуэмыхьыжы-р мы Аружан къызищIарщ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 79].

Арэзыгъэ гъэпсыкIэ зиIэ IуэхуцIэ зэхыхьэ-гъэзэщIэным гъэзэщIакIуагъэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэужь **-щ, -т** поувэ. ЩымыIэныгъэ гъэпсыкIэр, псалъэухам стиль и лъэныкъуэкIэ къиIуатэм елъытауэ, псалъэужь **-къым**-кIэ е лъабжьэпэ **мы**-кIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу***: А бригадиры-р хьэрэмыгъэ зигу илъ-къым*** – ***А бригадиры-р хьэрэмыгъэ зигу и-мы-лъщ.***

IуэхудэкIуэ зэхыхьэ-гъэзэщIэн зыхэт псалъэухам гъэзэщIакIуэу хоувэ е IуэхуцIэр, е IуэхуцIэ зэхыхьэр. IуэхудэкIуэ зэхыхьэ-гъэзэщIэным зэригъакIуэ гъэзэщIакIуэм цIэиIуэ псалъэзешэм и лъабжьэгъусэ **-р** зэпымууэ поувэ: ***ЕхыпIэм узэрехыфы-р шыр IумпIэкIэ пIыгъыущ; Зауэ нэужьым мы си къарэм сытесу къуажэм сынызэрыдыхьэжыну-р си дамыгъэхэр дыгъэм пэлыдущ.***

Инфинитив зэхыхьэ-гъэзэщIэн зыхэт псалъэухахэм гъэзэщIакIуэу къыщокIуэ IуэхуцIэр е IуэхуцIэ зэхыхьэр. Абыи, IуэхудэкIуэ зэхыхьэ-гъэзэщIэныр зыхэтым ещхьу, цIэиIуэ псалъэзешэм и лъабжьэгъусэ **-р** поувэр: ***Ар къызыхуигъэщIа-р емызэшыжу сабийм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIынырщ; БалигъыпIэ зэриувэрэ а лIыр емызэшыжу зэлэжьы-р Аргудан щIыналъэм щамылъэгъуа нартыху бэв къэгъэкIынырщ.***

ГъэзэщIакIуэу псалъэухам хэувэфынущ еигъэ цIэпапщIэхэр зи гъусэ щыIэцIэр: ***Иджы Шумахуэ и гуращэ-р дэтхэнэ гектарми нартыху центнерищэ къытрихынырщ.***

ГъэзэщIэн зэхэлъу псалъэухам къыщокIуэ зэзыгъапщэ зэхыхьэр, н.ж. IуэхуцIэ зэхыхьэ-гъэзэщIакIуэм хэт субъектыр зрагъапщэ цIэ Iыхьэмрэ **хуэдэу, ещхьу** псалъэхэмрэ къагъэхъуу. синтаксис зэхыхьэ Апхуэдэ гъэпсыкIэм гъэзэщIакIуэу хэувэфынур цIэиIуэ псалъэзешэм ит IуэхуцIэ зэхыхьэм и закъуэщ. Зэзыгъапщэ зэхыхьэм хэт цIэ Iыхьэр **хуэдэу, ещхьу** псалъэхэм зэрагъакIуэ – зыхъуэж псалъэзешэм и лъабжьэгъусэ **-м** ирагъэгъуэтыр. Зэзыгъапщэ зэхыхьэм хыхьэ езы **хуэдэу, ещхьу** Iыхьэхэм, псалъэухам и зэлъэIэс къалэным елъытауэ, педикат лъабжьэгъусэ (**-щ, -т, -къым**) поувэ: ***Лиуан и мэлыхъуэхьэр зэрыкъугъы-р дыгъужьым***

***хуэдэу-щ; Бийм и щIытIым тIасхъэщIэххэр зэрыбгъэдэпщхьа-р лъэну зызыгъэхьэзыра аслъэным ещхьущ.***

**Хуэдэу, ещхьу** Iыхьэхэм я пIэкIэ бзэм мымащIэрэ къегъэсэбэп **-у/-уэ** лъабжьэгъусэхэр, ахэр зыпыувэр цIэ Iыхьэр аращ: *дыгъужьым* ***хуэдэущ*** *– дыгъужь-****у****-щ; лъэну зызыгъэхьэзыра аслъэным* ***ещхьущ*** *– лъэну зызыгъэхьэзыра аслъэн-****у****-щ.*

## 4. Псалъэ зэпхар гъэзэщIэн зэхэлъу къызэрыкIуэр

Адыгэбзэ синтаксисым зыщызыубгъуа Iуэхугъуэхэм ящыщщ гъэзэщIэн къалэн яIэу цIэ псалъэ зэпха къызэрыкIуэхэмрэ зэхэлъхэмрэ къызэрыщагъэсэбэпыр. Предикат къалэн щамыгъэзащIэм деж абыхэм зэреджэр гъэнахуэ псалъэ зэпхахэщ. Апхуэдэу гъэзэщIэн зэхэлъу къагъэсэбэп мыпхуэдэ Iыхьэу зэхэт псалъэ зэпхахэр:

1. ЩыIэцIэрэ щытыкIэгъэлъагъуэ е ехьэлIа плъыфэцIэрэ: *Ар езыр* ***щIалэ фIыцIабзэщ****; Налшык* ***къалэ дахэщ****; Мыр* ***дыгъуасэрей газетщ.***

2. ЩыIэцIэрэ бжыгъэцIэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэмрэ: *Пэшым щIэтыр* ***лIитIт****; Бгырыс шэшэнхэмрэ осетинхэмрэ щIыуэ ялъысар* ***дестынэ Iыхьэ щанэ зырызт****; Сэ къыщызжаIар* ***етIуанэ махуэрщ****.*

3. ЩыIэцIэрэ ар зыгъэнаIуэ (зыгъэбелджылы) нэгъуэщI щыIэцIэрэ: ***Хъыджэбз трактористрэ физ пристафрэт*** *сымылъэгъужар иджы* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 25]; *Хъыджэбзыр пшынэкIэ зыдежьур* ***лIыгъэ-пхъашагъэ уэрэдщ****.*

4. ЩыIэцIэрэ цIэпапщIэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэмрэ: *Щыхубэм сыт я лажьэ,* ***я пашэхэрщ*** *ахэр мафIэм хэзышэр* [Къэрмокъуэ 2007: 23]; *Анэ быдзышэм иужькIэ дэ тIухуар* ***мы псыращ****; Абы дегупсысын хуейуэ дезыхулIари* ***езы урысхэрщ*** [Къэрмокъуэ 2007: 23]; ***Апхуэдэ гъуэгуращ*** *фIэзахуэу щIалэм къыхихар.*

5. ЩыIэцIэрэ IуэхуцIэ зэхыхьэрэ: ***ЩакIуэ къыдэкIа балъкъэрхэрщ*** *Уэсмэн япэу къэзыгъуэтыжар; КIэмыргуей лъхукъуэлIхэми я хъыбар* ***хэмыкIыр я уэркъхэрщ****;* ***Зи бзэм хуимытыж жэгъуэгъухэрщ*** *къысхущIэзытхъуэр* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 226].

6. ЩыIэцIэрэ IуэхудэкIуэ зэхыхьэрэ: ***Псори къехъуапсэу шыщ*** *къэсщэхуар;* ***Биижьыр хигъащIэу джатэщ*** *сызыхуейр.*

7. ЩыIэцIэрэ зэзыгъапщэ зэхыхьэрэ: ***ЦIыхухъу Iэпщэ и гъумагъыу бжьэмийщ*** *къысхуашар;* ***ПелуаныплIэ хъужауэ лIышхуэщ*** *гублащхьэм дэсыр.*

ГъэзэщIэну бзэм къыщыкIуэфынущ:

1. ЦIэ псалъэ зэпха-зэхэлъхэр: *Ар* ***лIы пIащэ гуэрщ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 86]; *Трактор бригадэм и унэр здэщытым деж япэу Софят къыщилъэгъуар* ***щиху жыг щхьэкIитхущ*** [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 19]; ***Мыпхуэдэ мэз лъагъуэ зэгъуэкIыпIэхэрщ*** *ахэр нэхъ щыщакIуэхэр.*

2. Синтаксис зэхыхьэхэмрэ цIэ псалъэ зэпхахэмрэ лэжьыгъэцIэ гуэдзэ ядэщIыгъуу: *Мыр* ***тхылъ хьэлэмэту къыщIэкIынущ****.* ГъэзэщIакIуагъэ лъабжьэгъусэ **-щ**-р **къыщIэкIын** лэжьыгъэцIэ гуэдзэм зэрыпыувэм дэщIыгъуу абы *тхылъ хьэлэмэт* псалъэ зэпхам хэт *тхылъ* Iыхьэ нэхъыщхьэр зэрыхъу псалъэзешэм ирегъэувэр. *Хьэлэмэт* гуэдзэ Iыхьэм, *тхылъ* псалъэ нэхъыщхьэм псалъэзешэкIэ екIуурэ, зэрыхъу псалъэзешэм и лъабжьэгъусэ **-у** егъуэтыр. А лъабжьэгъусэр гъэнэхуакIуэмрэ ягъэнахуэмрэ я зэхуэдэщ. *ЗэIущIэм къекIуэлIар* ***цIыху пщыкIутху къудей-т****; Мыхэр* ***Налшык къикIахэр ара хуэдэ-щ****.*

ГъэзэщIэн зэхэлъым и къалэныр адыгэбзэм щагъэзэщIэфынущ лэжьыгъэцIэ псалъэ зэпхахэми: *Уэ* ***уи ныбжьэгъум деж щIэупщIакIуэ укIуэну къыптохуэр****.*

Ди къэхутэныгъэм къэрикIуахэр къызэщIэпкъуэжмэ, адыгэбзэм и гъэзэщIэныр псалъэухам и лъабжьэгъэтIылъ пкъыгъуэ икIи и зэхэлъыкIэр къызэзыгъэпэщ купщIэ мэхъу. Абы пкъыгъуэ етIуанэхэм ямызакъуэу гъэзэщIакIуэри и унафэм щIегъэувэ. ГъэзэщIэным и нэщэнэмрэ хэхауэ иIэ гъэпсыкIэхэмрэ елъытауэ къызэрыкIуэ, зэхэт, зэхэлъ гъэзэщIэнхэр къыхэбгъэкI хъунущ. ГъэзэщIэну псалъэухам хоувэ щыIэцIэхэр, плъыфэцIэхэр, бжыгъэцIэхэр, цIэпапщIэхэр,

къэхъукIэцIэхэр, макъыцIэхэмрэ зэрызыпащIыж псалъэхэмрэ, фразеологизмэ занэхэр, псалъэ зэпхахэр, синтаксис зэхыхьэхэр.

## ЕIуэлIапхъэхэхэр


1. Адыгэ псалъэжьхэр. ЕтIуанэ тхылъ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1967. 252 н. (Кабардинские пословицы и поговорки. Кн. II. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1967. 252 с.).

2. Адыгэ IуэрыIуатэ. Налшык: Эльбрус, 1999. 400 н. (Адыгское устное народное творчество. Нальчик: Эльбрус, 1999. 400 с.).

3. *Дыгъужь Къу.* Бжьыхьэ псыдзэ. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 1983. 216 н. (*Дугужев К.* Осенний поток. Черкесск: Ставропольское книжное идательство Карачаево-Черкесское отделение, 1983. 216 с.).

4. *Джаурджий Хь.З., Дзасэжь Хь.Е.* Адыгэбзэ. ЕтIуанэ Iыхьэ. Налшык: Нарт, 1992. 240 н. *(Гяургиев Х.З., Дзасежев Х.Э.* Учебник кабардинского языка для средних учебных заведений, школ и классов с углубленным изучением родного языка. Ч. II. Нальчик: Нарт, 1992. 240 с.).

5. *Елгъэр К.* Лъэужьхэр. Повестхэмрэ рассказхэмрэ. Налшык: Эльбрус, 1983. 436 н. (*Эльгаров К.* Следы: Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 1983. 436 с.).

6. *Елгъэр К.* Ухеймэ – улъэщщ. Повестхэр. Налшык: Эльбрус, 1976. 348 н. (*Эльгаров К.* Тот силен – кто прав. Повести. Нальчик: Эльбрус, 1976. 348 с.).

7. *Елгъэр К.* Щыуагъэ. Роман. Налшык: Эльбрус, 1988. 392 н. (*Эльгаров К.* Ошибка. Роман. Нальчик: Эльбрус, 1988. 392 с.).

8. Кабардино-черкесский язык. В двух томах. Т. I. Гл. ред. М.А. Кумахов. Нальчик: Эль-фа, 2006. 548 с

9. *КIыщокъуэ А.* Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ Тхыгъэхэр томиплIым щызэхуэхьэсауэ. Т. II. Налшык: Эльбрус, 1984. н. 856. (*Кешоков А.П.* Зеленый полумесяц // Собр. соч. в 4-х томах. Т. 2. Нальчик: Эльбрус, 1984. 856 с.).

10. *КIыщокъуэ А.* Нал къута. Тхыгъэхэр томиплIым щызэхуэхьэсауэ. Т. III. Налшык: Эльбрус, 1985. н. 782. *(Кешоков А.П.* Сломанная подкова // Собр. соч. в 4-х томах. Т. III. Нальчик: Эльбрус, 1985. 782 с.).

11. *КIыщокъуэ А.* Хъуэпсэгъуэ нур. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. II том. Налшык: Эльбрус, 2005. 488 н. (*Кешоков А.* Чудесное мгновение // Собр. Соч. в 6 т Т. II. Нальчик: Эльбрус, 2005. 488 с.).

12. *Къалэмбий.* Адыгэ хъыбархэр. Налшык: Эльбрус, 1978. 136 н. (Каламбий. Рассказы и повести. Нальчик: Эльбрус, 1978. 136 с.).

13. *Къашыргъэ Хь.* Насыпым и хэкIыпIэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1957. 309 н. (*Каширгов Х.* Источник счастья. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1957. 309 с.).

14. *Къэрмокъуэ М.* Азэмэт. Налшык: Эльбрус, 1984. 392 н. (*Кармоков М.* Азамат. Нальчик: Эльбрус, 1984. 392 с.).

15. *Къэрмокъуэ М.* Пшапэ зэхэуэгъуэ. Повестхэр, рассказхэр. Налшык: Эльбрус, 2007. 264 н. (*Кармоков М.* Сумерки. Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2007. 264 с.).

16. *Къэрмокъуэ М.* Щихухэр иджыри мэкI. Ещанэ тхылъ. Налшык: Эль-фа, 2004. 320 н. (*Кармоков М.* А тополя еще растут. Т. 3. Нальчик: Эль-Фа, 2004. 320 с.).

17. *МафIэдз С.* Гъыбзэ хуэфащэт: роман. Налшык: Эльбрус, 1992. 448 н. (*Мафедзев С.* Достойны печальной песни: роман. Нальчик: Эльбрус, 1992. 448 с.).

18. *МафIэдз С.* Уэрэд макъамэ: повестхэр, рассказхэр. Налшык: Эльбрус, 2014. 344 н. (*Мафедзев С.* Мелодия песни: Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2014. 344 с.).

19. *Нало А.* Тхыгъэхэр. Нэхущ шу. Т. II. Налшык: Эльбрус, 1993, 400 н. (*Налоев А.* Всадники рассвета. Избранные произведения в 3 т. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 1993. 400 с.).

20. *ПащIэ Б.* Усыгъэхэр. Налшык: Эльбрус, 2003, 376 н. (*Пачев Б.* Сочинения: Стихотворения и поэмы. Нальчик: Эльбрус, 2003. 376 с.).

21. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Синтаксис, пунктуацэ. Налшык: Эльбрус, 1994. 360 с. (*Урусов Х.Ш.* Кабардинская грамматика. Синтаксис, пунктуация. Нальчик: Эльбрус, 1994. 213 с.).

22. *ШэджыхьэщIэ Хь.* Тэрч щыхьэтщ. Налшык: Эльбрус, 1987. 392 н. (*Шекихачев Х.* Терек свидетель. Нальчик: Эльбрус, 1987. 392 с.).

23. *Шортэн А.* Бгырысхэр. Роман. ЕтIуанэ тхылъ. Налшык: Эльбрус, 1975. 403 н. (*Шортанов А.* Горцы. Роман. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 1975. 403 с.).

24. *Шортэн А.* Бгырысхэр. Роман. ЕплIанэ тхылъ. Налшык: Эльбрус, 1988. 304 н. (*Шортанов А.* Горцы. Роман. Т. IV. Нальчик: Эльбрус, 1988. 304 с.).

25. *ЩоджэнцIыкIу А.* Тхыгъэхэр. Налшык: Эльбрус, 2000. 432 н. (*Шогенцуков А.А.* Избранные произведения. Нальчик: Эльбрус, 2000. 432 с.).

26. *ЩоджэнцIыкIу I.* Софят и гъатхэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1962. 232 н. (*Шогенцуков А.О.* Весна Софият. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1962. 232 с.).

## ГРАММАТИЧЕСКИЕ ОСОБЕННОСТИ СКАЗУЕМОГО В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Жилетежев Хажисмель Чиляниевич**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), hazismel@mail.ru

В работе предпринята попытка охарактеризовать грамматические особенности сказуемого кабардино-черкесского языка. Хотя научное изучение сказуемого кабардино-черкесского языка началось давно, не вызывает сомнения, что некоторые проблемы остаются до сих пор недостаточно разработанными. Таковыми, например, являются принципы выделения сказуемого в языке, классификация по его морфологической природе, типы сказуемого. Кроме этого большим недостатком считаем наличие небольшого количества работ относительно сказуемого на кабардино-черкесском языке. Решению этих проблем посвящена данная статья.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, сказуемое, предложение, части речи, синтаксическая функция, аффикс.

## GRAMMATICAL FEATURES OF THE PREDICATE IN THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAG

**Zhiletezhev Khazhismel Chilyanievich**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), hazismel@mail.ru

The paper attempts to characterize the grammatical features of the predicate of the Kabardino-Circassian language. Although the scientific study of the predicate of the Kabardino-Circassian language began long ago, there is no doubt that some problems still remain insufficiently developed. These are, for example, the principles of predicate selection in a language, classification by its morphological nature, and predicate types. In addition, we consider the presence of a small number of works on the predicate in the Kabardino-Circassian language to be a big disadvantage. This article is devoted to solving these problems.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, predicate, sentence, parts of speech, syntactic function, affix.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-1-47-75-85